

PENERAPAN MODEL *DISCOVERY LEARNING* KANGGO NGARONJATKEUN KENGING DIAJAR SISWA DINA SUBTEMA KEBERSAMAAN DALAM KEBERAGAMAN

(Panalungtikan Tindakan Kelas dina Siswa Kelas IV SDN Dukuh Sebrang Kacamatan Ciasem Kabupaten Subang Tahun Ajaran 2018/2019)

**Ku
Avinda Deviana
145060173**

RINGKESAN

Panalungtikan ieu dilaksanakeun di kelas IV SDN Dukuh Sebrang Kacamatan Ciasem Kabupaten Subang tina jumlah 29 siswa nu diwangun ku 17 siswa lalaki jeung 12 siswa awewe, panalungtikan ieu boga tujuan kanggo ngaronjatkeun kenging diajar siswa kelas IV dina Subtema Kebersamaan dalam Keberagaman kalawan ngagunakeun model *Discovery Learning*. Kaayaan siswa anu kirang ngabogaan kana kenging diajar anu ngawengku aspek afektif, kognitif, sarta psikomotor seueur keneh anu handap KKM margi guru anu sering ngagunakeun hiji padika condong monoton sarta teu acan ngagunakeun model *Discovery Learning*. Panaluntikan ieu ngagunakeun padika Panalungtikan Tindakan Kelas (PTK) kalawan sistem siklus anu diwangun ti babak perencanaan, palaksanaan, pangamatan, sarta refleksi anu dipigawe dina tilu siklus. Hasil panalungtikan kenging diajar anu ngawengku dina tilu aspek nyaeta aspek afektif, kognitif sarta psikomotor. Nunjukkeun yen dina siklus I siswa ngaraih katuntasan sikep paduli (afektif) 44,8%, sedengkeun sikep santun ngahontal 74,4%, pangaweruh (kognitif) 51,7%, jeung kaahlian (psikomotor) 42,3%. Dina tindakan siklus ka II nu mangrupakeun paningkatan tina kenging diajar dina siklus I ngalaman paningkatan persentase katuntasan sikep paduli (afektif) 65,5%, sedengkeun sikep santun 79,3%, pangaweruh (kognitif) 72,4%, jeung kaahlian (psikomotor) 79,3%. Dina tindakan siklus III nu mangrupakeun paningkatan presentase katuntasan sikep paduli (afektif) 100%, sedengkeun sikep santun 100%, pangaweruh (kognitif) 100%. Berdasarkeun hasil panalungtikan tiasa disimpulkeun nyaeta penerapan model *Discovery Learning* kabuktian tiasa ngaronjatkeun kenging diajar siswa kelas IV SDN Dukuh Sebrang Kacamatan Ciasem Kabupaten Subang dina Subtema Kebersamaan dalam Keberagaman. Ku kituna model *Discovery Learning* tiasa dijadikeun salah sahiji model pembelajaran kanggo diterapkeun dina pembelajaran.

Kecap Pamageuh: *Discovery Learning*, Kenging Diajar.